# demal ne ko: yaw bokkoo ci waa sawara, waaye ci waa àjjana nga bokk

Jële na ñu ci Anas Ibn Maalik, -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa seet Saabit Ibn Xaysin, benn waay ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, man dinaa la xamal xibaaram, mu dikkal ko fekk ko mu toog ci këram, sëgg boppam bi, mu ne ko: ana luy sa mbir? Mu ne ko: xanaa ay, da doon yëkkati kàddoom ci kaw kàddug Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, kon moom ci waa sawara la, waa ji ñëw wax Yonnente bi ne ko: nee na lii ak lee, mu delluwaat beneen yoon indi ag bégle gu màgg, ne ko: "demal ne ko: yaw bokkoo ci waa sawara, waaye ci waa àjjana nga bokk".

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da doon seet Saabit Ibn Xaysin -yal na ko Yàlla dollee gërëm- daal di koy laajte, benn waay ne ko: man dinaa la amal xibaaram, ak lu tax mu fàddu, mu dem fa moom fekk ko ci këram mu jaaxle sëgg bopp bi, mu laaj ko: lan mooy sa mbir? Saabit wax ko ay wi nekk ci moom; ndaxte moom da daan yëkkati kàddoom ci kaw kàddug Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, te Yàlla dafa tëkku kuy def loolu ci ay jëfam yàqu, ak ne moom ne waa sawara la bokk! Waa ji dellu fa Yonnente ba -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xibaare ko loolu, Yonnente bi digal ko mu dellu fa Saabit bégal ko ci ne moom bokkul ci waa sawara waaye ci waa àjjana la bokk, ndaxte kàddoom gu kawe gi mbinddin la ci moom, ak ne moom moo doon waxal Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daan waxal it waa Lansaar yi.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee